

fat	kò gra	sibstans nitritif ki estoke enèji, pwoteje ògàn yo epi ki ede kò a absòbe vitamin.
fault	fay	sifas ki gen wòch toutolon li epi wòch yo deplase lè yo depase limit elastik yo epi yo kase.
fault-block mountains	montay blòk fay	montay ki fòme sou gwo blòk wòch panche; gen fay ki separe montay sa yo avèk wòch ki antoure yo.
fermentation	fèmantasyon	pwosesis kote selil ki manke oksijèn yo ak kèk òganis ki gen yon sèl selil degaje yon ti kantite enèji nan molekil glikoz yo epi ki pwodui dechè tankou alkòl, dyoksid kabòn ak asid laktik.
fertilization	fekondasyon	nan repwodiksyon seksyèl, se asosye yon espèm ak ze.
fertilizer	angrè	pwodui chimik ki ede plant ak lòt òganis yo devlope.
fetal stress	estrè fetal	ka rive nan pwosesis akouchman oswa apre akouchman lè yon tibebe ki sòti nan yon anviwònman tanperati imid, nwa ak konstan ap adapte ak nouvo anviwònman li.
fetus	fetis	nan moun, se yon tibebe k ap devlope apre de (2) premye mwa gwosès pou jouk akouchman.
fin	najwa	estrikti pwason itilize pou gid, ekilib ak mouvman.
first law of thermodynamics	premye lwa tèmodinamik	deklare ogmantasyon nan enèji tèmik yon sistèm egal travay ki fèt sou sistèm nan plis chalè ki ajoute sou sistèm nan.
fission	fisyon	fòm pi senp repwodiksyon aseksyèl kote de (2) nouvo selil pwodui avèk sibstans jenerik ki idantik youn lòt epi ki idantik ak selil inisyèl la.
flagellum	flajèl	estrikti long ak mens tankou

		mous ki ede òganis yo deplase atravè imidite oswa nan anviwònman ki imid.
fluorescent light	limyè flyoresan	limyè ki fòme lè radyasyon iltravyolè ki pwodui andedan yon anpoul flyoresan lakòz fosfò a kouvri anpoul la pou li briye.
focal length	distans fokal	distans ant sant yon lantiy oswa yon miwa ak fwaye a.
focal point	fwaye	pwen sou aks optik yon miwa konkav oswa yon lantiy konvèks kote reyon limyè, ki te paralèl ak aks optik la, travèse apre yo touche miwa a oswa lantiy la.
focus	sant	nan yon tranblemanntè, pwen ki anba sifas tè a kote enèji degaje sou fòm onn sismik.
fog	bwouya	yon nyaj estratis ki fòme lè lè a refwadi nan pwen woze li toupre tè a.
folded mountains	montay plwaye	montay ki fòme lè kouch wòz orizontal yo glise sou kote opoze yo, sa ki lakòz yo defòme epi plwaye.
foliated	feyte	dekri wòch metamòfik tankou adwaz ak nès; grenn mineral ki nan wòch sa yo aliye an kouch paralèl.
food group	gwoup alimantè	gwoup manje-tankou pen, sereyal, diri ak pat alimantè—ki gen menm kalite sibstans nitritif.
food web	rezo alimantè	modèl ki montre relasyon konplèks alimantasyon pami òganis ki nan yon kominote.
force	fòs	yon pouse oswa redi ki fèt sou yon objè.
fossil fuels	konbistib fosil	petwòl, gaz natirèl ak chabon; konbistib sa yo fòme nan rès ansyen plant ak animal ki an dekonpozisyon.
fossils	fosil	rès, anprent oswa tras òganis pre-istorik ki ka endike kilè ak kibò òganis

		yo t ap viv lontan ak fason yo t ap viv lontan.
fracture	frakti	pwopriyete fizik kèk mineral ki lakòz yo kase avèk sifas iregilye, inegal oswa ki an zig-zag.
free-living organism	òganis vivan endepandan	òganis ki pa depann de yon lòt òganis pou manje oswa yon kote pou viv.
frequency	frekans	kantite longèdonn ki pase nan yon pwen fiks chak segonn; li eksprime an hèt z (Hz).
friction	fwotman	fòs ki opoze mouvman glisman ant de (2) sifas ki an kontak.
frond	fwonn	fèy foujè ki grandi nan rizòm.
front	fwon	limit ant de (2) mas lè ki gen tanperati, dansite oswa imidite diferan ; li ka frèt, cho, okli ak estasyonè.
full moon	plèn lin	etap ki fèt lè tout sifas lalin ki anfas tè a klere.